

GID

sou Dwa ak Pwoteksyon nan kontèks moun ki an deplasman:

yon Vi

San Vyolans

UNFPA

UNHCR ACNUR
La Agencia de la ONU para los Refugiados

Save the Children

MÉDECINS DU MONDE

GID

sou Dwa ak Pwoteksyon nan kontèks moun ki an deplasman:

yon Vi San Vyolans

Menm si ou lwen peyi kote ou soti a, dwa ou yo vwayaje avèk ou epi yo pa gen fwontyè. Nan peyi Meksik, lalwa pwoteje nou, epi nou la pou raple ou ke diyite ou pa negosyab.

W ap jwenn enfòmasyon nan dokiman sa a k ap ede ou rekonèt dwa sa yo, idantifye kèk baryè ou ka rankontre, epi konnen ki bò ou ka mande asistans oswa oryantasyon.



Wout ak sèvis ki disponib yo ka varye selon eta oswa zòn kote ou ye a.

DIYITE OU PA GEN FWONTYÈ

Nan peyi Meksik, Konstitisyon an etabli (nan Atik 1 ak 4) ke tout moun gen menm dwa. Pe enpót kote ou soti oswa kote ou prale, ki lang ou pale oswa ki sitiyasyon ou genyen devan otorite migratwa yo: **nou gen dwa pou yo trete nou avèk respè epi pou nou viv nan byennèt.**

Èske ou te konnen...?

Atik 11 Konstitisyon an ba w dwa pou chèche azil oswa pou mande pou yo rekonèt ou kòm refijye. Nan peyi Meksik, egalite se yon dwa lalwa garanti, epi otorite yo dwe garanti nou yon vi ki diy tout tan, menm si pwosedi demann azil la poko kòmanse ofisyèlman.



Pou egalite nou respekte, **lalwa entèdi nenpòt kalite diskriminasyon ki baze sou:**



- Orijin etnik, nasyonalite oswa kote moun nan soti
- Sèks oswa idantite jan
- Koulè po, aparans fizik, kilti oswa relijyon
- Laj
- Si nou genyen yon andikap
- Preferans nou genyen pou moun nou renmen oswa moun nou genyen relasyon avèk yo
- Sitiyasyon ekonomik, sosyal oswa familyal
- Sitiyasyon migratwa, si ou pa genyen dokiman, oswa nan ki etap demann pwoteksyon ou an ye
- Nenpòt lòt rezon.



PWOTEKSYON AK ASISTANS

kont

Vyolans ki Baze sou Jan

Èske ou te konnen...?

Ou gen dwa, daprè Konstitisyon an, pou w viv yon vi san vyolans. Tankou pwoteksyon kont agresyon fizik, sikolojik ak seksyèl, trafik moun, ansanm ak vyolans dijital **(Lwa Olimpia).**



Kisa Vyolans ki Baze sou Jan an ye?

Se nenpòt zak vyolans ki fèt sou yon moun akoz de jan li, tankou zak ki koze oswa ki ka koze domaj oswa soufrans fizik, seksyèl, sikolojik oswa ekonomik, ansanm ak menas, fòse yon moun fè yon bagay li pa vle fè, oswa retire libète yon moun san rezon legal.



Kisa vyolans dijital la ye?

Se yon seri de aksyon ak konpòtman moun oswa gwoup moun fè pou vyole vi prive nou, siveye aktivite nou sou entènèt, ekspoze lavi entim oswa seksyèl nou, manipile enfòmasyon nou, ak lòt aksyon ki mete an danje sekirite nou ak trankilite emosyonèl, fizik ak sou entènèt.

> **Ou pa oblije fè fas a sitiyasyon an poukont ou, ni ou pa bezwen pran tout desizyon yo an menm tan.**

Ou ka mande oryantasyon pou konnen ki opsyon ou genyen epi deside ki kalite sipò ou bezwen, tankou:

- Ale nan yon sant sèvis sante pou w resevwa swen medikal ak sikolojik, menm si ou pa ta vle depoze plent.
- Chèche yon kote ki an sekirite epi elwanye w de agresè a, si sa pap mete sekirite ou plis danje.
- Mande oryantasyon ak asistans legal pou w ka konnen opsyon ak dwa ou genyen.
- Mande pwoteksyon lè entegrite w oswa sekirite w an danje.
- Chèche sipò nan abri oswa sèvis espesyalize lè ou bezwen sòti de yon anviwònman ki genyen vyolans.

Swen medikal imedya (NOM-046):

ATANSYON:
Si yon moun nan pèsonèl medikal yo refize ba ou sèvis la oswa mande w dokiman tribinal, ou gen dwa pou w mande enstitisyon an pou ba ou yon **lòt pwofesyonèl medikal ki pou ba ou swen imedyatman.** Yo pa ka kite w poukont ou. Pwojè lavi ou toujou pou ou; vyolans oswa jijman moral lòt moun pa dwe anpeche w kontinye avè l.



Si ou te sibi vyolans seksyèl, **swen an gratis, ijan epi konfidansyèl.** Ou pa dwe rete tann. Men kèk bagay ou dwe konnen:

Pwofilaksi aprè ekspozisyon pou anpeche VIH dwe kòmanse pi vit posib, swa nan 72 premye èdtan maksimòm aprè ekspozisyon an. Yo ka ba w kontrasepsyon ijans la jiska 120 èdtan aprè evènman an, e li pi efikas lè ou itilize li pi rapid. Prevansyon oswa tretman lòt enfeksyon moun pran nan relasyon seksyèl ap detèmine apre yon pwofesyonèl sante fin evalye sitiyasyon an. Si plis pase 72 oswa 120 èdtan gentan pase, ou toujou gen dwa pou w resevwa yon evalyasyon medikal, swen pou blesi, tès ak tretman pou ITS, swen pou sante mantal, swivi medical ak enfòmasyon sou lòt opsyon ki disponib.

Entèripsyon Volontè Gwosès la:

Nan ka vyòl, aksè a sèvis sa a se yon dwa imedya. **Ou pa bezwen ni yon plent penal ni yon òd tribinal.**

SEKIRITE AK PWOTEKSYON

Espesyalize:



Genyen abri ki sekirize kote ou ka chèche pwoteksyon:

LIY REZO NASYONAL ABRI YO

800 822 4460

Sant Jistis pou Fanm yo bay sèvis medikal ak sikolojik gratis, oryantasyon jiridik ak reprezantasyon legal.

Ou ka rele **079** tou nan tout peyi a, nan Liy Fanm yo, pou mande èd.

OU PA POUKONT OU

nan Wout la



- Si ou se yon moun trans, ou gen dwa pou yo respekte idantite ou. Pèsonèl yo pa dwe sèvi ak non legal ki pa reprezante ou; sa se yon fòm vyolans.
- Ou ka chèche espas ki prepare pou fanm ak moun nan kominote LGBTIQ+.
- Ou gen dwa pou w mande pou yo ba w pèsonèl ki respekte orijin etnik ou.
- Ou gen dwa pou w mande pou w genyen yon anviwònman ki aksesib ak pèsonèl ki pap diskrimine w pou kondisyon fizik ou.
- Kò ou tou genyen pwoteksyon sou entènèt. Okenn moun pa gen dwa pataje foto entim ou san konsantman ou.

Daprè **Prensip Enterè Siperyè Timoun,** DIF dwe pwoteje tifi, tigason ak adolesan ki pa genyen moun ki akonpaye yo, epi li dwe evite reta nan pwosedi jidisyè yo pou evite mete yo nan plis danje.

Men Nòm Ofisyèl Meksiken (NOM) ki pwoteje ou yo

Nòm Ofisyèl Meksiken yo (NOM) etabli règ ke pwodwi, pwosesis, sèvis oswa enstalasyon yo dwe respekte nan peyi a. NOM yo pa menm bagay ak lwa yo, men tou de obligatwa. Sonje ke Nòm sa yo pwoteje dwa ou yo. Toujou mache avèk yo:

NOM-004 https://unf.pa/4yiphZk	Etabli kritè obligatwa pou entegre, itilize, jere, klase, konsève epi pwoteje enfòmasyon ki nan dosye medikal la kòm enfòmasyon konfidansyèl. Li defini dosye medikal la kòm ansanm enfòmasyon sou sante pasyan an e li garanti dwa pasyan an genyen sou dosye sa a, vi prive li, ansanm ak aksè li genyen pou jwenn yon rezime medikal lè li mande sa.
NOM-005 https://unf.pa/4zv8LWZ	Dekri kritè pou bay sèvis planifikasyon familyal. Li etabli prensip pou bay konsèy, chwazi ak preskri metòd kontraseptif, pandan li garanti dwa chak moun genyen pou pran desizyon libeliben, avèk bon jan enfòmasyon epi nan kondisyon ki an sekirite sou sante repwodiktif li.
NOM-007 https://unf.pa/4B0IgtY	Dekri fason yo dwe pran swen fanm ak moun ki ansent pandan gwosès yo, pandan akouchman ak aprè akouchman an, ansanm ak swen pou tibebe ki fèk fèt la. Li etabli prensip ki priyorize respè, diyite ak sekirite.
NOM-046 https://unf.pa/4eaTN03	Dekri fason pou prevni, detekte epi bay swen nan ka vyolans seksyèl ak vyolans kont fanm nan sektè sante a. Li etabli vyolans seksyèl kòm yon ijans medikal epi li garanti aksè a entèripsyon volontè gwosès pou rezon vyòl.
NOM-047 https://unf.pa/4hJkUBD	Dekri kritè pou bay moun ki genyen ant 10 a 19 lane swen sante konplè. Li etabli prensipalman dwa ke yo genyen pou yo kenbe prive e ak tout konfidansyalite enfòmasyon pandan y ap resevwa swen an, si yo vle sa. Li pèmèt yo chwazi si yo vle genyen yon moun ki akonpaye yo oswa si yo prefere resevwa swen medikal la poukont yo.
NOM-020 https://unf.pa/4dyDgTr	Dekri karakteristik ki garanti sèvis nan diyite avèk sekirite epi nan respè kilti moun yo, pandan li priyorize rediksyon lanmò matènèl atravè yon apwòch ki santre sou moun. Li detaye materyèl ak founiti medikal ki esansyèl yo ansanm ak mekanis sipèvizyon ki nesesè pou asire ke pwosesis repwodiktif la se yon eksperyans pozitif, ki fèt nan respè epi san vyolans.

Anyè Ijans ak Pwoteksyon

Tout nimewo telefòn sa yo gratis lè w rele a pati de yon nimewo telefòn meksiken.

Enstitisyon Kontak	Ki wòl li?
Ijans **911**	Èd imedya lè ou an danje oswa lè gen yon ijans medikal
Liy telefòn Fanm yo **079**	Sèvis ak asistans pou fanm ki nan sitiyasyon vyolans
Rezo Nasyonal Abri **800 822 4460**	Sant asistans ak abri ki an sekirite pou fanm ki nan sitiyasyon vyolans
Konsèy Sitwayen **55 5533 5533**	Sipò emosyonèl ak asistans pou rapòte ka vyolans Asistans pa telefòn oswa pa WhatsApp
Polis Sibènetik **088**	Rapòte ka vyolans dijital epi resevwa asistans
Komisyon Nasyonal Dwa Moun **800 715 2000**	Fè plent kont otorite nan sèvis sante oswa nan zafè migrasyon

Tout sèvis sa yo gratis. Si yon moun mande w lajan pou ba w youn nan sèvis sa yo, sa se yon zak ilegal.







Enstitisyon Anyè	Ki wòl li?
Sant espesyalize pou bay asistans nan ka vyolans https://unf.pa/4s1aUXK	Sant sante espesyalize pou bay asistans nan ka vyolans ki baze sou jan ak vyolans seksyèl. Yo bay asistans sikolojik, swen medikal, plan sekirite ak oryantasyon.
Anyè Sant Jistis pou Fanm yo https://unf.pa/4s0mvXl	Asistans pou fanm ak pitit fi, pitit gason ki sibi vyolans ki baze sou jan. Yo bay sèvis konplè nan domèn medikal, sikolojik ak legal.
Anyè Sèvis Zanmitay pou Jèn yo https://unf.pa/4yS0UmE	Sèvis sante seksyèl ak sante repwodiktif pou moun ki genyen ant 10 ak 19 lane. Yo bay enfòmasyon, oryantasyon, konsèy, swen medikal ak sikolojik, ansanm ak metòd kontraseptif de fason konfidansyèl.
Anyè sèvis esansyèl pou Entèripsyon Legal Gwosès la https://unf.pa/4hHDutU	Sant sante ki fè Entèripsyon Legal Gwosès. Yo bay sèvis ak swen a fanm, tifi, adolesan ak moun ki kapab ansent.
Anyè sèvis esansyèl pou swen VIH ak IST https://unf.pa/4rYKHcu https://unf.pa/3Un8A0Y	Sant sante pou prevansyon ak swen pou moun ki genyen VIH ak enfeksyon seksyèlman transmisib (IST). Yo bay swen medikal ak sikolojik, tès depistaj IST, tès depistaj VIH, ansanm ak tretman.
Anyè sèvis esansyèl pou swen sante mantal ak adiksyon https://unf.pa/3UpH4jo **800-911-2000**	Yo bay asistans pou pwoblèm ki gen rapò ak sante mantal, konsomasyon ak adiksyon ak sibstans psikoaktif.
Kat sèvis yo https://unf.pa/4yjBFIJ	Kat sèvis esansyèl pou moun ki an deplasman.

Not:

Not:

Sonje byen, òganizasyon yo la pou akonpaye w epi sipòte w. Pa kite laperèz pou pwosedi yo oswa mank dokiman anpeche w chèche èd. Vwa ou enpòtan, epi lavi ou gen anpil valè.

N ap mache avè w men nan men!

UNFPA

Pou plis enfòmasyon:
Imel:
unfpa.mexico@unfpa.org
mexico.unfpa.org

UNHCR ACNUR
La Agencia de la ONU para los Refugiados

Telefòn:
800 226 8769
oswa 800 283 2718

WhatsApp:
+52 55 7005 5950
ak +52 55 2535 2950

Imel:
mexmeatencion@unhcr.org

MÉDECINS DU MONDE

Telefòn Tapachula:
962 243 4198

Telefòn sèvis Vyolans
ki base sou jan:
962 269 8798

Save the Children

Telefòn ak whatsApp:
916 187 02 21

Imel:
proteccion.mx@savethechildren.org